



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO REDIKSYON NAN VYOLANS AK ZAM EPI SIYEN LWA POU RANFÒSE LWA SOU ZAM NEW YORK KI SE LIDÈ NAN NASYON AN

Vyolans ak zam nan Eta New York diminye 47 pousan depi Gouvènè Hochul te antre an fonksyon

Nouvo lwa a egzije vandè zam yo pou pibliye avètisman nan estil tabak konsènan risk pou sante ak sekirite

Nouvo lwa a pran mezi kont "konvètisè zam" danjere ki ka transfòme zam yo an zam otomatik

Eta New York te sezi plis pase 7,700 zam ilegal ane sa a

Avèk ansyen reprezantan Etazini Gabby Giffords, ofisyèl gouvènman New York ak lòt defansè sekirite zam, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a vyolans ak zam nan Eta New York te diminye a 47 pousan depi li te antre an fonksyon li an 2021. Gouvènè Hochul te siyen tou yon ansanm sis pwojè lwa ki pral ranfòse lwa sou zam New York ki se lidè nan nasyon an lè li egzije vandè zam yo pou yo pibliye avètisman sekirite ki nan estil tabak, pou yo pran mezi kont "konvètisè zam" danjere yo epi bay lòt nouvo zouti ak resous pou ede pwoteje plis Nouyòkè kont vyolans ak zam.

"Vyolans ak zam se yon epidemi k ap dechire peyi nou an. Panse ak lapriyè p ap ranje sa a, men pran mezi solid pral fè sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se poutèt sa Nan New York, n ap pran mezi odasye pou pwoteje abitan nan eta nou an. Mwen fyè pou m siyen pwojè lwa sa ki pral ede amelyore sekirite atravè New York. Pandan n ap pran aksyon rapid pou amelyore lwa sou zam Eta New York ki se lidè nan nasyon an, nou rekonèt vyolans ak zam se yon pwoblèm nan tout peyi a. Yon lòt fwa ankò, mwen ankouraje Kongrè a pou suiv egzanp nou epi pran mezi imedya pou adopte mezi enpòtan pou prevansyon vyolans ak zam. Lavi depann de li."

Ansye Representan Gabby Giffords te deklare, "Nouyòkè yo merite viv san laperèz kont vyolans ak zam. Gouvènè Hochul te siyen jodi a pwojè lwa ki pral rann New York pi an sekirite epi san dout pral sove lavi yo. New York kontinye dirije nasyon an ak kèk lwa sou zam ki pi solid nan peyi a. GIFFORDS rekonesan pou lidèchip

kontinyèl Gouvènè Hochul ak lejislatè New York yo nan batay pou anpeche vyolans ak zam."

Ensidan fiziyad avèk blesi nan Vil New York ak kominote 28 depatman lapolis k ap patisipe nan inisyativ Eta a pou Elimine Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) sèvi te diminye 47 pousan pandan administrasyon Gouvènè Hochul la, [epi dènye done ajans GIVE yo rapòte yo](#) montre vyolans ak zam te genyen bese nan nivo anvan pandemi.

Gouvènè Hochul te bay tou yon mizajou sou pwogrè New York te fè nan retire zam ilegal nan lari a epi elwanye zam nan men sa yo ki reprezante yon danje pou tèt yo ak lòt. Gouvènè a te mete aksan ke ajans fòs de lòd tout eta a te sezi plis pase 7,700 zam ilegal depi kòmansman ane sa a, enkli 569 zam fantom. Anplis de sa, tribinal atravè New York yo te itilize lwa sou Alèt Wouj Eta a pou bay plis pase 22,000 òdonans pwoteksyon pou risk ekstrèm (ERPO) jiska prezan: 92 pousan nan yo apre Gouvènè Hochul te asosye ak lwa a pou ranfòse lwa Alèt Wouj Eta a aprè asasina ki gen motivasyon rasis la, nan makèt Tops nan Buffalo nan dat 14 me 2022.

Gouvènè Hochul te siyen lwa a jodia ki gen ladan:

Lwa S6649/A2882 mande pou machann zam yo pibliye avètisman sou sit kote yo vann zam epi distribye avètisman nan moman vant lan. Avètisman sa yo dwe endike ke zam ogmante risk suisid, lanmò pandan diskisyon nan kay ak/oswa lanmò san entansyon pou timoun yo.

Senatè Eta a, Michael Gianaris te deklare, "Edikasyon ak enfòmasyon yo se kle pou responsab zam, ki pral anpeche blesi epi amelyore sekirite piblik Mwen fyè dèske m te fè pase pwopozisyon sa a atravè Sena a epi pou m wè kounye a li adopte an lwa."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Mwen kontan wè Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa mwen an, A.2882. Se yon etap enpòtan nan efò nou pou pwoteje fanmi ak kominote yo atravè New York. Lwa sa a asire ke machann zam yo dwe avèti aklè achtè yo sou danje zam yo poze nan kay la, sitou risk suisid vyolans domestik, ak lanmò aksidan, sitou pami timoun yo. Lè nou bay enfòmasyon sa yo epi nou dirije moun ki nan kriz yo nan Liy Sekou Nasyonal sou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline), nou ekipe moun yo ak resous yo bezwen pou pran desizyon eklere epi asire sekirite pwòch yo."

Lwa S7365B/A10053A ajoute definisyon "konvètisè zam" nan Seksyon Lwa Penal 265.00, ki detaye definisyon ki gen rapò ak zam. Konvètisè pistolè defini kòm yon aparèy ki ka tache ak glisyè yon pistolè semi-otomatik epi entèfere ak mekanis gachèt la, ki pèmèt itilizatè a tire yon kantite bal rapid oswa otomatikman avèk yon sèl presyon kontinyèl sou gachèt la. Lwa a modifiye tou Lwa Jeneral Biznis pou egzijè endistri zam pou pran "mezi rezonab" pou anpeche enstalasyon ak itilizasyon konvètisè zam sou pwodwi yo.

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Se yon bagay revòltan pou jis senkant dola ou ka achte yon aparèy ki transfòme yon zam nòmal an yon mitrayez ki kapab tire 15 kou nan mwens pase de segonn. Fabrikan zam tankou Glock konnen aparèy sa yo, ki rele gachèt otomatik oswa "gachèt Glock," yo disponib tout kote, men yo te chwazi pa fè anyen sou li, mete pwofi yo anvan sekirite piblik la. Lwa mwen an ak Manm Asanble Simon ([S.7365B](#)) pral mande pou Glock ak tout fabrikan zam yo pran mezi rezonab pou asire ke pwodwi yo pa konpatib ak aparèy konvèsyon mitrayez oswa fè fas a konsekans responsablite legal yo. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul siyen pwojè lwa nou an jodi a ak pou lidèchip Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a ki yon lòt fwa ankò egzèse presyon sou zam yo pou fè New York vin yon kote ki pi an sekirite."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Nouyòkè yo bouke de fabrikan zam yo ki inyore wòl yo nan epidemi vyolans ak zam nan nasyon sa a -- donk n ap pran mezi kote yo p ap fè sa. Mwen fyè dèske premye pwojè lwa mwen an nan nasyon an te siyen lwa, ki fè Glock ak lòt fabrikan zam ki sanble ak Glock pou responsab absans mezi pou asire ke zam yo pa ka fasilman konvèti an zam totalman otomatik ki ilegal. Pandan kat deseni yo Glock te konnen zam li yo ka transfòme konvèti fasilman ak bon mache. Pa gen lòt gwo fabrikan zam ki itilize fòm konvètib twò fasil sa a. Li se moman pou mete moun yo avan pwofi epi Glock ak pretandan Glock pou rann kont. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa mwen an epi sipòte eleksyon ki pi enklizif ak aksesib."

Lejislasyon S3340/A5873 mande pou tribinal la notifiye rejis tout eta a sou lòd pwoteksyon ak manda lè yo bay yon lòd pwoteksyon kont risk ekstrèm (ERPO) tanporè ak/oswa final, pou asire ke yo swiv ERPO yo nan rejis lòd pwoteksyon ak manda nan tout eta a.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen fyè e mwen rekonesan dèske Gouvènè Kathy Hochul te siyen lwa mwen an, S.3340, pou modènize pwosesis eta a pou depoze lòd pwoteksyon pou risk ekstrèm (ERPO oswa "Lwa sou Alèt Wouj") pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite kont vyolans ak zam. Lè nou egzije tout ERPO tanporè ak pèmanan yo dwe rapòte nan rejis enfòmasyon nan tout eta a pou lòd pwoteksyon ak manda arestasyon, nou ka asire lapolis konnen lè yon moun gen yon ERPO an sispan epi pi byen pwoteje viktim ki fè fas a yon risk kontinyèl pou vyolans nan men yon moun nan lavi yo. Mwen vle remèsye Manm Asanble Chuck Lavine pou kolaborasyon li sou lwa sa a, Lidè Majorite Sena a Stewart-Cousins pou lidèchip li, ak Gouvènè Hochul paske li siyen li nan lwa jodi a."

Manm Asanble Charles D. Lavine, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w kontinye pwoteje kominote nou yo ak lwa ki solid men sansib sou zam. Lè yo elwanye zam nan lwen moun ki gen gwo risk pou yo sèvi ak li pou fè lòt moun mal oswa tèt yo, sa yo rele 'ERPO' eta a (lòd pwoteksyon pou risk ekstrèm) se yon zouti nesèsè a dispozisyon jij yo. Nouvo lwa sa a, ke mwen prezante ak fyète nan Asanble a, bay amelyorasyon nesèsè pou modènize lwa ERPO ki egziste deja a epi l ap ede l fè sa li te gen entansyon fè an premye, sove lavi."

Lwa A7717B/S8589A pèmèt ajans polis yo olye ofisye polis endividyèl yo pou figure nan lis kòm rekeran nan kad pwosedi ERPO.

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w te siyen pwojè lwa Bipatit mwen an pou w pwoteje ofisye nou yo. Li obligatwa pou nou pwoteje idantite ofisye lapolis nou yo pandan y ap egzekite lòd enpòtan sa yo pou pwoteje kominote nou yo."

Monica P. Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, "Lwa New York sou òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm se yon zouti enpòtan pou retire zam nan men moun ki danjere yo. Ofisye yo te itilize òdonans sa yo pou sove lavi inonbrab, tankou anpil viktim vyolans domestik," Manm Asanble Wallace te deklare. "Lejislasyon sa a senplifye pwosesis la lè li pèmèt ofisye ki fè respekte lalwa aplike pou òdonans sa yo pandan y ap pwoteje vi prive pèsonèl yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a pou ranfòse lwa sou alèt wouj nou yo epi pwoteje piblik la kont vyolans ak zam."

Lejislasyon S8479A/A9862A egzije pou moun ki emèt kat kredi ak debi yo sèvi ak kòd kategori komèsan (MCC) vandè zam ak minisyon ke Òganizasyon Entènasyonal pou Nòmalizasyon an 2022 te kreye pou biznis ki gen pi gwo valè lavant tankou vant konbine zam, akseswa zam oswa minisyon, epi li bay Pwokirè Jeneral Eta a pouvwa pou pran mezi egzekisyon pou tout vyolasyon ki pa korije nan 30 jou, ki ka lakòz amann jiska 10,000 dola pou sila yo ki pa respekte sa. New York vin twazyèm eta a, ansanm ak California epi Kolorado, pou adopte egzijans sa a.

Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie. "Labank yo itilize done regilyèman pou idantifye ak dekouraje tout kalite aktivite ilegal, men yon sèl endistri-- endistri zam-- te goumen dan ak zong pou anpeche kalite analiz risk sa a. Lè n ap adopte pwojè lwa sa a, New York ap etabli yon nòm komen pou tout endistri yo epi asire yo ka detekte modèl acha zam ki evidan. Mwen rekonesan anvè patnè mwen an, Manm Asanble Michaelle Solages, ak Gouvènè Hochul pou kontinye travay nou an pou mete lari a pi an sekirite avan pwofi endistri zam nan."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Lwa sa a kreye yon nouvo zouti enpòtan pou ede anpeche pwopagasyon vyolans ak zam nan New York. Fòs de lòd ak enstitisyon finansye yo dwe kapab idantifye rapidman modèl acha ki sispèk, sitou lè li enplike zam oswa minisyon. Amelyore rekonesans nan tandans danjere sa yo pèmèt fòs de lòd yo aji yon fason desizif pou anpeche nouvo trajedi. Mwen rekonesan pwofondman anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou sekirite zam ak Senatè Myrie pou kolaborasyon li sou lwa esansyèl sa a. Pwojè lwa pou sove lavi sa a pa t ap vin yon lwa san efò enplakab pou gwoup prevansyon vyolans ak zam, sivivan yo ak fanmi viktim yo, kote kouraj yo rete yon fòs pou rann eta nou an vin pi an sekirite."

Lwa S9760/A10356A mande pou yon ofisye lisans zam, lè yo bay yon lisans, bay enfòmasyon sou resous nan tout eta a ki gen rapò ak estokaj zam an sekirite,

prevansyon aksè timoun yo ak prevansyon vyolans zam, ansanm ak enfòmasyon sou konte espesifik ak lwa ak règleman lokal yo ki gen rapò ak prevansyon aksè timoun yo ak estokaj an sekirite zam yo. Lwa a egzije Eta a tou pou devlope ak aplike yon kanpay sansibilizasyon piblik konsènan estokaj an sekirite ak prevansyon aksè timoun yo, mande pou materyèl sa yo dwe bay nan fòm dijital ak disponib sou entènèt, epi mande yo mete ajou chak ane.

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Mwen tèlman kontan ke jodi a Gouvènè Hochul ap siyen pwojè lwa mwen an, S. 9760, ki pral mande pou ofisye lisans zam bay chak moun ki gen lisans enfòmasyon sou lwa sou estokaj ki an sekirite eta a ak lokal yo lè yo bay yon lisans, ki gen ladan metòd espesifik pou anpeche aksè timoun yo nan zam ak fizi. Anplis de sa, pwojè lwa a pral mande pou eta a fè yon kanpay sansibilizasyon piblik sou estokaj zam ki an sekirite, ki gen ladan lwa prevansyon aksè timoun nan Eta New York, ki pral fasil pou jwenn aksè epi ki pral disponib fasilman pou piblik la. Li esansyèl pou tout Nouyòkè yo konnen responsablite yo antanke pwopriyetè zam pou konsève zam yo san danje epi anpeche timoun yo gen aksè. Mwen remèsye Manm Asanble Michael Benedetto pou sipòte pwojè lwa sa a nan Asanble a, ak Gouvènè Kathy Hochul pou sipò solid li nan efò sa a."

Manm Asanble Michael Benedetto te deklare, "Li enperatif nan moman yo bay yon pèmi zam pou nouvo pwopriyetè zam lan jwenn enfòmasyon sou fason li dwe konsève li. Anplis de sa, pwojè lwa sou estokaj sekirite reponn nesesisite pou sansibilize piblik la sou kesyon sa a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Vyolans ak zam se yon pwoblèm Ameriken sèlman k ap detwi fanmi ak kominote yo atravè peyi a. Lè New York siyen tèks lwa sa yo nan lwa eta a, New York kontinye dirije nasyon an nan sans komen ak pwopriyetè zam ak sekirite responsab. Nan nivo federal, mwen te ekri lwa kont trafik zam ki enkli nan *Lwa Bipatit sou Kominote* ki pi an sekirite, e mwen fyè pou m wè ke lwa sa a deja rann lari New York yo vin pi an sekirite, retire plis pase 3000 zam ilegal nan lari a epi mennen nan akizasyon kont plis pase 400 akize. Mwen pral kontinye travay avèk kòlèg mwen yo nan Kongrè a pou adopte yon lwa federal siyifikatif pou mete fen nan fleo vyolans ak zam."

Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Siyen lwa esansyèl pou sekirite zam sa yo se yon temwayaj sou fòs angajman kolektif nou an pou pwoteje Nouyòkè yo. Mwen vle remèsye Ansyen Reprezantan Gabby Giffords pou defans inebranlab li e paske li te yon sous enspirasyon konstan nan batay sa a. Mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou kolaborasyon solid li pou priyorize sekirite kominote ou an. Mwen vle rekonèt tou efò infatigab Senatè Adjwen mwen an Gianaris, ak Senatè Mayer, Myrie, Scarcella-Spanton, ak Hoylman-Sigal, kote lidèchip la te detèmine pou fè avanse efò prevansyon vyolans ak zam sa yo. Ansanm, n ap pran mezi desizif pou kenbe fanmi nou an sekirite epi asire yon avni ki pi an sekirite pou tout moun."

Prezidan Asanble Carl Heastie te deklare, "Pandan plizyè ane, Majorite Asanble a te goumen anpil pou etabli lwa bon sans ki travay pou rann kominote nou yo vin pi an

sekirite. Done ki sot pase yo montre ke efò nou yo ap travay atravè Eta a pou diminye vyolans ak zam, e nou kwè ke pwojè lwa sa yo pral fè nou vin pi pre toujou pou anpeche vyolans nan katye nou yo. Kòlèg mwen yo ak mwen kwè ke okenn fanmi pa ta dwe janm santi dega vyolans ak zam pote epi yo pran angajman pou kreye yon eta ki pi an sekirite pou tout timoun nou yo."

Pwokirè Distri Konte Richmond a, Michael E. McMahon, te deklare, "Vyolans ak zam, yon menas malfezan pou sekirite piblik la tankou okenn lòt, kontinye ap frape twòp nan kominote nou yo, pran lavi inosan epi kite yon bann fanmi boulvèsè ak kè brize. Antanke prensipal responsab aplikasyon lwa Staten Island, gason ak fanm nan biwo mwen an travay san pran souf pou retire zam afe ilegal nan lari nou yo epi rann sa yo ki itilize li yo responsab nan sal tribinal la. Sepandan, yo dwe fè plis pou konbat fleyo mòtèl sa a epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li siyen yon demi douzèn pwojè lwa pou sekirite piblik ki pral fè sa. Soti nan ranfòsman lwa sou alèt wouj Eta New York la rive nan pwomosyon jeneralize estokaj zam ak resous prevansyon aksè timoun yo pou asire ke fabrikasyon zam pran mezi rezonab pou limite modifikasyon danjere nan zam yo vann yo, mezi sa yo pral ede fè Staten Island ak Eta New York yon kote ki pi an sekirite pou viv. Pandan ke gen anpil travay ki rete pou fèt pou debarase m de vyolans ak zam yon fwa pou tout, mwen kontan wè gouvènman eta nou an ap pran mezi pozitif pou pwoteje kominote nou yo."

Prezidan Everytown for Gun Safety a, John Feinblatt, te deklare "New York depi lontan se yon lidè nasyonal sou sekirite zam, epi Gouvènè Hochul ak majorite Albany ki defann prensip sekirite zam pou ranfòse eritaj sa a ak pake pwojè lwa sa a ki sove lavi yo. Pandan twò lontan, endistri zam la te chape anba asasina — men kounye a sivivan vyolans ak zam nan New York pral gen yon nouvo zouti enpòtan pou rann Glock responsab pou pwopaje ekipman yo."

Konsejè Prensipal ak Direktris Politik Eta ak Federal Brady, Tanya Schardt, te deklare, "Kod kategori komèsan yo aplike nan prèske tout kalite biznis - soti nan restoran, estasyon gaz ak magazen alkòl — kidonk kesyon an rete: poukisa vandè zam ak minisyon diferan? Itilizasyon kòd kategori komèsan pou vandè zam yo genyen potansyèl pou idantifye modèl acha danjere, tankou lè yon moun ka trafike zam afe oswa akimile yon asenal pou itilize nan yon fiziyad an mas, menm jan yo itilize kòd sa yo pou idantifye trafik moun. Brady bat bravo pou travay Manm Asanble Solages, Senatè Myrie, ak lejislati Eta New York la pou efò li fè pou fè adopte pwojè lwa sa a, epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lwa."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)